

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hakékatna mah manusa téh mahluk sosial anu teu bisa jauh tina prosés komunikasi pikeun patali marga. Prosés komunikasi téh pasti aya alat anu dipaké, salasihijina basa. Ku ayana basa manusa bisa ngébréhkeun ideu sarta kahayangna ka jalma lian. Hal éta luyu jeung pamadegan Sudaryat (2010, kc. 1) nu nétélakeun yén basa nya éta sistem lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakat pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Basa miboga peran anu dicekel minangka alat komunikasi, salasihijina nya éta fungsi konatif anu tujuanana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyaram, nanya, mapatahan, jeung réa-réa deui.

Al-Qur'an téh kitab suci pikeun sakabéh umat Islam anu mangrupa pedoman jeung pituduh, paréntah, sarta rahmat pikeun manusa. Ieu téh saluyu jeung dalil dina Al-Qur'an anu unina ieu di handap.

هَذَا بَصَائِرُ لِلنَّاسِ وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِّقَوْمٍ يُوقِنُونَ

“Teu (Qur'an) téh obor pikeun manusa, pituduh jeung rahmat pikeun kaom nu yakin (Q.S Al-Jatsiyah: 20)

Nainggolan (dina Rohilah, 2012, kc. 1) nétélakeun yén Al-Qur'an téh kalam Ilahi anu mutlak benerna, élmu Allah, pituduh, pangéling, ubar, pituah, hikmah, hukum, roh, cahaya, pangbéda antara nu hadé jeung nu goréng, sarta antara anu bener jeung nu salah anu disucikeun ku Allah, kahadéan anu datang ti Allah pikeun jalma-jalma anu ariman dina hiji kitab anu ngagunakeun basa Arab sarta diturunkeun ku Allah SWT ka Nabi Muhammad ngaliwatan Malaikat Jibril.

Al-Qur'an téh kalamullah anu diturunkeun maké basa Arab sacara lisan. Umat Islam wajib maca jeung diajar kana éta Al-Qur'an sangkan paham kana eusi éta Al-Qur'an. Dina kitab Shahihna, Imam Al-Bukhari ngariwayatkeun hadis ti Hajjaj bin Minhal ti Syu'bah ti Alqamah bin Martsad ti Sa'ad bin Ubaidah ti Abu Abdirrahman As-Sulami ti Utsman bin Affan Radhiyallahu Anhu, yén Rasulullah Shallallahu Alaihi wa Sallam nguningakeun, anu unina ieu di handap.

“Sahadé-hadéna di antara maranéh nya éta jalma anu diajar Al-Qur’an tur ngajarkeunana (HR Bukhari)”

Aya sawatara tarékah dina diajar Al-Qur’an di antarana narjamahkeun jeung napsirkeun Al-Qur’an. Tarjamah jeung tapsir Al-Qur’an téh minangka salasahiji garapan linguistik. Di tatar Sunda, disebutkeun yén narjamahkeun Al-Qur’an kana basa Sunda geus dipilampah ti taun 1927 mula. (Rohilah, 2012, kc. 3).

Adegan kalimah tarjamah Al-Qur’an basa Sunda aya bédana jeung adegan kalimah basa Sunda. Kahasan adegan kalimah dina tarjamah Qur’an perlu ditalungtik sangkan pamahaman kana eusining Al-Qur’an leuwih hadé. Salasahijina dina tarjamah Al-Qur’an surah Ar-Rohman. Memang dina enas-enasna mah adegan kalimah tarjamah Qur’an téh sarua, tapi anu jadi daya irut panalungtik pikeun nalungtik tarjamah surah Ar-Rohman téh ayana kalimah anu dibalikan deui nepikeun ka 31 kali sarta dina panalungtikan saméméhna can kaguar adegan kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman.

Memang panalungtikan ngeunaan kalimah téh geus dilaksanakeun ku N Ati Rahmawati (2002) kalawan judul “Kalimah paréntah dina Kumpulan Carita Pondok Djurig Karangany Timi Kartini”. Di dinya dipedar perkara kalimah paréntah anu sumber datana kumpulan carita pondok anu judulna Djurig karangany Timi Kartini. Rahmalia Ulfah (2015) ogé ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan kalimah kalawan judul “Kalimah Impositif dina Novél Baruang Ka Nu Ngarora Karangany D.K. Ardiwinata (Tilikan Adegan, Ma’na, jeung Maksim Kasopanan)”. Ieu panalungtikan téh medar adegan, ma’na, jeung maksim kasopanan kalimah impositif anu sumber datana novél Baruang Ka Nu Ngarora.

Memang deuih, panalungtikan kalimah dina tarjamah Al-Qur’an ogé kungsi aya saméméhna anu dilaksanakeun ku Imas Rohilah (2012) dina Tesis kalawan judul “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Tarjamah Qur’an (Analisis Struktural jeung Semantik)”. Ieu panalungtikan téh medar perkara adegan kalimah jeung analisis semantik dina tarjamah Al-Qur’an basa Sunda kalayan ngaguar sababaraha surah diantaranya: tarjamah surah An-Nisa ayat 1-50, tarjamah surah Al-Insyiqaq ayat 1-25, tarjamah surah Al-Aadiyat ayat 1-11, tarjamah surah Al-Humazah ayat 1-9, jeung surah Al-Fiil ayat 1-5. Ieu panalungtikan téh miboga sasaruuan nalungtik adegan kalimah dina tarjamah Al-Qur’an, tapi bédana anu rék ditalungtik ayeuna ngan sasurah, husus dina tarjamah Al-Qur’an surah Ar-Rohman. Salian ti éta, kumaha saupama ieu hasil panalungtikan téh dilarapkeun pikeun bahan pangajaran narjamahkeun di SMA. Panalungtikan wangun jeung fungsi kalimah dina tarjamah Surah Ar-

Rohman téh kacida diperlukeunana lantaran bisa ngaguar leunjeuran kalimah anu dipaké. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Wangun jeung Fungsi Kalimah dina Tarjamah Surah Ar-Rohman pikeun Bahan Pangajaran Narjamahkeun di SMA” dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, kapanggih rupa-rupa masalah. Aya sawatara masalah dina ieu panalungtikan nu perlu diidentifikasi, nya éta wangun, wanda, adegan, jeung fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman. Hasilna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran narjamahkeun di SMA.

Tina éta idéntifikasi, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha wangun kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman?
- b. Kumaha wanda kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman?
- c. Kumaha adegan kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman?
- d. Kumaha fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman?
- e. Kumaha hasil panalungtikan mun dijadikeun bahan pangajaran narjamahkeun di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan miboga tujuan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wangun, wanda, adegan jeung fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman sarta kumaha hasil panalungtikan dina tarjamah surah Ar-Rohman saupama dijadikeun bahan pangajaran narjamahkeun pikeun siswa SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nya éta:

- a. wangun kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman;
- b. wanda kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman;
- c. adegan kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman;
- d. fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman; jeung

e. wangun jeung fungsi kalimah mun dijadikeun bahan pangajaran narjamahkeun di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan miboga mangpaat anu dibagi jadi dua, nya éta mangpaat *tioritis* jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan pikeun ngeuyeuban paélmu tatabasa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tatabasa Sunda utamana élmu kabasaan ngeunaan wangun, wanda, adegan, jeung fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman. Salian éta, ogé méré informasi ngeunaan wangun, wanda, adegan, jeung fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman mun dijadikeun bahan pangajaran narjamahkeun di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep bisa dihontal tina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan katatabasaan ngeunaan wangun, wanda, adegan jeung fungsi kalimah.
- b. Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di kelas.
- c. Pikeun balaréa/pamaca, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngajembaran pangaweruh perkara wangun, wanda, adegan jeung fungsi kalimah anu digunakeun dina tarjamah surah Ar-Rohman.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, *idéntifikas* masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan kalimah, wangun kalimah jeung fungsi kalimah, bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tiori, jeung raraga mikir.

BAB III Métoeu Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén *panalungtikan*, jeung *léngkah-léngkah panalungtikan*.

BAB IV Hasil Panalungtikan mangrupa bab anu inti dina panalungtikan, lantaran dina ieu bab didéskripsikeun hasil panalungtikan jeung pedaranana. Dina ieu bab bakal dipedar sacara gemblerng hasil tina ngolah atawa analisis data dina panalungtikan. Ku kituna, hasil jeung pedaran tina panalungtikan bakal katitén dina ieu bab.

BAB V Kacindekan jeung Saran, eusina mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, nya éta kacindekan tina sakabéh pedaran. Salian ti éta, aya saran nu ditepikeun keur nu maca. Éta saran téh tujuanna sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.